

# PLAN: Nubian Square

Preserve. Enhance. Grow.



- *Ki diferans ki genyen ant kraze pasèl la ak faz nimewotasyon pou pwojè a. Èske yon devlopè kapab devlope sit devlopman an si li sanble kòm pi bon pwopozisyon pou devlopman an?*
  - Gade Atelye Travay nan dat 29 Mas P3 pou w jwenn enfòmasyon
  
- *Ki estrateji ki genyen nan angaje patnè kominote a/vwazen/rezidan / etidyan yo dirèkteman? Vityèlman? pou atenn devlopè nwa/koulè yo?*
  - Siy ak feyè
  - Anons nan journal lokal yo
  - Imèl nan lis imèl la
  - Instagram
  - Opsyon pou antre nan zoom atravè òdinatè oswa nan telefòn
  - Tradiksyon/entèpretasyon an Panyòl ak Kreyòl Ayisyen
  - Twous P3 ak tout materyèl yo/anrejistremant ki afiche sou sit entènèt nou an
  - Sansibilizasyon devlopè: Nap travay sou yon estrateji ki pi solid. Sa a se yon inisyativ kle ke Direktè DEI nou an ap travay. Nap travay tou avèk Biwo Devlopman Ekonomik ak ekip enklizyon ak divèsite yo pou mennen aksyon sansibilizasyon bò kote plis devlopè lokal POC, achitèk yo, elatriye.
  
- *Èske pral gen yon sondaj sou katye yo ki egziste deja pou detèmine sèvis yap bay yo pou asire pa gen repwodiksyon nan efò yo. Pa egzanp, Whittier gen yon sal espò, famasi andetay ak magazen linèt andetay, kidonk pwojè yo ta dwe konplete, men pa fè konkirans?*
  - Gade Atelye Travay nan dat 29 Mas P3 pou w jwenn enfòmasyon
  
- *Ki mesaj/kontni ki pral figire sou siy ki enstale ak otou pwopriyete avwazinan yo?*
  - Siy yo pral menm jan avèk siy yo ki sou Crescent, Pasèl 8, ak Teren Blair. Yo di ke genyen yon efò planifikasyon sou teren an epi bay lyen pou jwenn plis enfòmasyon. Li tradwi tou nan Panyòl ak Kreyòl Ayisyen.
  
- *Ki kalandriye ak Plan koreksyon an?*
  - Nou toujou ap travay sou finalizasyon kalandriye a, men nou prevwa premye faz koreksyon an ap rive nan fen ete a oswa nan kòmansman otòn lan (travay sou sit la pral dire 2 semèn)
  - [www.bostonplans.org/getattachment/62a0dd74-2822-40b9-b4fd-2e6e578b6b61](http://www.bostonplans.org/getattachment/62a0dd74-2822-40b9-b4fd-2e6e578b6b61)

# PLAN: Nubian Square

Preserve. Enhance. Grow.



- *Ki nivo enplikasyon kominote a nan efò reyabilitasyon yo?*
  - Yon fwa yo fin atribye konsiltan anviwonmantal la, nou pral kòmanse yon pwosesis apèl d'of konpetitiv pou yon travay kontraktè sou sit. Nap travay avèk ekip DEI nou an pou elaji MBE yo pou travay sa a.
    - Pi spesifikman, nou ka fè travay nou transparan lè nou pibliye plan ak spesifikasyon yo ki pral baz travay pwochen kontremèt chantye a ki te fè reyabilitasyon. Akoz yo gen yon tandans ki pi long ak teknik, nou ka pibliye tou yon gid ki pi adapte pou lektè yo sou kondisyon sit la, ansanm avèk travay ki enkli avèk kontraktè a. Pi enpòtan ankò, nou ka pibliye kondisyon kontraktè a ki pral ranfòse pou asire vwazen yo pa afekte.
  - Anvan travay reyabilitasyon sou sit la, nou pral enfòme rezidan akote yo sou kalandriye ki prevwa pou aktivite reyabilitasyon yo, ki prevwa pou fèt sou yon peryòd de semèn.
  - Pandan peryòd konstriksyon aktiv la, nou ka pibliye yon nimewo telefòn dirèk pou vwazen yo ki gen enkyetid yo rele epi rapòte enkyetid yo dirèkteman ba nou, enjenyè, ak kontraktè nou an (atravè liy kolaborativ Google Voice)
- *Ki pèspektiv pou fòme patenarya pou devlope teren an nan entegralite l? Esansyèlman li ta nesèsè pou plizyè devlopè konkli akò pou konstwi kolaborativman asire ke genyen opòtinite komèsyal ak lojman ki benefisye kominote a!*
  - Gade Atelye Travay nan dat 29 Mas P3 pou w jwenn enfòmasyon
- *Ki nivo enplikasyon kominote a nan RFP?*
  - Manm kominote yo te deja enplike nan kreyasyon PLAN an: Prensip Nubian Square yo, sa ki prezan nan tout RFP yo. Sa a gen ladan 2/3 abòdabilite pou nenpòt lojman devlopman, langaj oosijè devlopman san depasman, ak egalman kondisyon divèsite ak enklizyon, pami lòt bagay. Pandan atelye trava yo, rezidan yo pral kontribye tou dirèkteman nan RFP atravè kòmantè, repons nan kesyon entèaktiv, atravè diskisyon ki ta soulye nan tout reyinyon yo, ansanm avèk nan peryòd kòmantè yo kap fèt apre reyinyon an.
  - Depi RFP a fin ekri, PLAN an: Ekip Nubian Square la pral prezante RFP a nan kominote a, e yo pral gen chans pou revize l anvan li pibliye.

# PLAN: Nubian Square

Preserve. Enhance. Grow.



- Apre demann pwopozisyon an fin pibliye, yon Komite Revizyon Pwojè (PRC) ap fòme. Komite sa a gen ladan jiska 15 manm kominotè ki pral revize tout pwopozisyon yo epi rekòmande yon devlopè nan Komite Siveyans Plan Prensipal Stratejik Roxbury (RSMPOC). RSMPOC pral kidonk vote sou rekòmandasyon PRC yo e yap pote vòt yo nan Konsèy BPDA a.
  
- *Èske gen dat spesifik pou Atelye Travay 2 ak 3 ak petèt plis*
  - Atelye travay 3 prevwa pwovizwaman pou 26 Avril.
  - Atelye travay 4 prevwa pwovizwaman pou 24 Me.
  - Atelye travay 5 A detèmine.
  
- *Ki resous vil la genyen pou sipòte devlopè yo / moun ki pral abite P3*
  - Sibvansyon lojman abòdab se prensipal la. Gen tou sibvansyon eta ke devlopè yo kapab potansyèlman aplike pou sa nou ta sipòte yo. E depans reyabilitasyon yo – Nap kontribye \$250k e nou ap pouswiv resous yo pou finanse rès travay reyabilitasyon an.